

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA KAPING XI - GKJ AMBARRUKMA 16 JULI 2023

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB
Pepanthan Nologaten, jam 08.00 WIB

(Warni liturgis ijem, Stola : Logo Prau+Pelangi+Peksi Dara)

Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet satunggal lilin pethak ibadah.

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. **Liturgos** :

“Pasamuwan brayatipun Gusti Yesus Kristus,

Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng énjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Enem Belas Juli Kalih Ewu Tiga Likur** (16 Juli 2023). Mugi kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedhèrèk, tuwin laré-laré sadaya. Pangibadah wekdal menika ugi dipun giyaraken lumantar live streaming Youtube GKJ Ambarrukma, pramila kula ugi ngaturaken sugeng nyuraosi lan midhangetan. Bapak Ibu saged ngaturaken jawat asta utawi salam *namaste* dhumateng pasamuwan ing sakiwa, tengen, ngajeng, saha wingking palenggahan panjenengan.

Kula suwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan kinasih, pisungsung saged kaaturaken ing kanthong ing satengahing pangibadah. Wondéné pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing salah satunggaling kanthong, utawi ing kothak.

Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Pepénginanipun Roh Punapa Déné Pepénginanipun Raga**” ingkang badhé kaladosaken dening Bapa/Ibu Pandhita

Sumangga kita murwakani pangibadah kanthi ngrepèkaken **Kidung Pasamuwan Kristen Anyar Gangsal Welas, Pada Setunggal lan Tiga (KPKA 15 : 1, 3), “Panggung Mring Pangeran”** *pasamuwan kasuwun jumeneng*

(1) Dhuh Pangéran Yéhuwah
kula ngaturken sembah
klayan bingah ing driya
nggunggung Asma Paduka
kang Ma luhur Ma mulya
Gustining makluk samya.

(3) Dhuh Yéhuwah Pangéran
kawula ngidung girang
'wit sih rahmat Paduka,
kula samya waluya
luwar sing rèhing pati
sinungan gesang yekti.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, sakderengipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar.)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:**

(Pasamuwan Jumeneng)

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu menika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
A min, A min, A min.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Lektor : Waosan Sabda Introitus : Rum 8 : 1-5; 14-17**

Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”**

(Pasamuwan Lenggah)

Pasamuwan : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

5. **Liturgos : “Bapak, Ibu, lan para Sedhèrèk ingkang dipun kasihi ing Gusti Yésus, Sang Roh ingkang paring gesang sampun ngluwaré kita wonten ing Sang Kristus, saking angger-anggering dosa lan pati. Kita menika ahli waris, matemah dados tiyang ingkang nggadhahi wewenang nampani prasetyanipun Gusti Allah lan ndhèrèk ing kamulyanipun Gusti. Sumangga kita sami memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepèkaken **Kidung Pasamuwan Jawi Pitung Dasa Setunggal, Pada Setunggal lan Kalih (KPJ 71 : 1, 2), “Duk Nyipati Gung Pakaryaning Gusti”****

(1) Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumlegering gludhug ing akasa,
kula ngungun gunging kamulyanta.

Refr:
Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.
Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.

- (2) Lamun nlasak tengahing wana-wasa, sato peksi kekidungan ramya.
Wonten ngaré dalah ing ardi ugi, gung gumelar sesawangan adi.....Refr:

6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Yehezkiel 18 : 31-32

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Pasamuwan ingkang satuhu dipun tresnani Gusti. Gusti Allah ngersakaken kita mbucal sakathahing duraka kita ingkang kita tandukaken dumatheng Gusti, lan manah sarta roh kita kaénggalaken. Gusti paring dhawuh supados kita sami mratobat!

Pramila sumangga sami kita cawisaken manah, sowan ing Ngarsanipun Gusti, ngakeni saha nelangsani sedaya karingkahan kita lumantar pandonga pamratobat. Kita purwakani kanthi rerepèning **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Dasa Gangsal, Pada Setunggal lan Sekawan (KPJ 45 : 1, 4), “Anèng Ngarsané Gusti”**

- (1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- (4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubêring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sadhèrèk kinasih, sumangga kita lumebet ing suasana pamratobat. Kita ndedonga:

“Gusti Allah ing Sang Kristus sesembahan kawula, kawula sujud ing Ngarsa Paduka kanthi penelangsa, kawula tiyang ingkang duraka ing ngarsa Paduka. Kawula kebak ing momotan lan panandhang dosa menika, Gusti, nyuwun Paduka paring apunten. Paduka nucèkaken kawula sedaya saking dosa, lan manah kawula Paduka énggalaken, satemah kawula sami saged nglajengaken gesang menika ing pepadhang saking Paduka. Gusti, atur pamratobat kawula menika kawula suwun linambaran sih katresnanipun Gusti Yesus Kristus. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : 2 Korinta 3 : 18

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Rum 12 : 11

- 10. Liturgos :** “Pasamuwan ing tetunggilanipun Gusti Yesus Kristus, sumangga kita sami tansah taberi lan mboten ngantos kendho, sami tansaya banter ing roh, lan sami lelados dhumateng Gusti. Kita badhé tansah ngugemi dhawuhipun kanthi kesanggaman kita lumantar pepujèn **Kidung Pasamuwan Kristen Anyar Satus Setunggal, Pada Satuggal lan Kalih (KPKA 101 : 1, 2), “Perang Rohani”**.....
Pasamuwan kula aturi jumeneng

(1) Pra abdining Gusti dipun prayitna ing perang rohani ywa kongsi léna ngrasuka kayektèn wah kaadilan nadyan tanggelannya mung kasangsaran. Refr:
Yekti iblis culika lan julig maéka ditegèn ndendonga Gusti kang ngreksa.

(2) Pra putraning Allah padha dèn panggah, setya dados seksi Injiling Allah, nyanggemi dhawuhnya kang trus ing ati, manteb ing pracaya dumugèng janji.....Refr:

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Pandhita : maosaken Rum 8 : 6-13

c) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |

Hale- luya Hale-luya Hale - lu - ya

d) Irah-irahan: “Pepenginanipun Roh Punapa Dene Pepenginanipun Raga”

e) Ancas : Pasamuwan nyuraosi lan saged milih ngugemi pepénginanipun roh punapa déné pepénginanipun raga matemah gesangipun sembada kasebat putraning Allah.

12. Pisungsung

Imam : “Awit katresnanipun Gusti Allah tumrap kita, ndayani kita mujudaken katresnanipun Gusti mbabar katresnan menika tumrap sesami.

Sesarengan kita nyamektakaken dhawuhipun Gusti kanthi ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken. Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak utawi salah satunggaling kantong, lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal menika kapethik saking serat **Rum Bab Kalih Welas Ayat Satunggal (Rum 12 : 1)** ingkang mekaten suraosipun: “**Kang iku para sadulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi kparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati.**”

Sumangga kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Setunggal Atus Sèket Sekawan, Pada Setunggal lan sacekapipun (KPJ 154 : 1–), “Adrenging Tyas Kula”**

- (1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
Paduka ngasihi, kula kagunganta.
Refr:
Mung punika Gusti, pisungsung kula sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbe bandha kang pengaji kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula, mugu katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagama Paduka pirantos sapala.
- (2) Saiba endahing sih-tresna Paduka, Gusti;
kula kagunganta, Paduka rimati.....Refr:

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. Pandhita : Paladosan Berkah

16. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa/Ibu Pandhita lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah menika kanthi ngugemi pepénginanipun roh matemah gesangipun sembada kasebat putraning Allah.

Pangibadah kita pungkasi kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Anyar Setunggal Atus Selikur, Pada Setunggal lan Tiga (KPKA 121 : 1, 3), “Kinanthi ing Gusti”**

(1) Gusti Yesus Pangèn kula,
sèstu gung sih Paduka
Ing sapurug-purug kula
nggih tansah kinanthia.

Refr:

Kinanthi ing Gusti kinanthi ing Gusti
ing satitah kula nrimah angger kinanthi Gusti.

(3) K'rana panganthining Gusti kula mursid sayekti
ajrih-asih maring Allah tresna sesami tansah.....Refr:

17. **Liturgos** : “Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur kanthi renaning manah, lan mugè katentreman lan karaharjan tansah rumentah wonten ing Bapak, Ibu, Sedhèrèk sadaya. Gusti mberkahi.”